АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№10 (10004)
РУЗМАН
18 март 2022 сон
15 ШАГІБАН 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство — Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ — Багъа эркенаб

■ ФАЗУ ГІАЛИЕВАЛЪ 90 СОН ТІУБАЯЛДЕ

## ГьитІинаб росулъа Дагъистаналъул яс




Дагъистаналъул халкъияй поэтесса, гьитІинаб росдал цІар улкаялдаго рагІизабурай магІарулай, «Россиялъул чІухІи» Фазу ГІалиевалъул 90 сон тІубай кІодо гьабулеб буго исана тІолго республикаялъ. Юбилеялъул тадбиразулъ нилъер районалъулги бутІа лъун, 11 марталда тІобитІана Фазу ГІалиевалъул кучІдул пасихІго цІалиялъул конкурсалъул муниципалияб этап.

Гьеб гІуцІун букІана гІолилазул политикаялъул специалист МухІамадрасул Хатиевас ва лъайкьеялъул отделалъ.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ТАДБИРАЛ

# МустахІикъав мугІалим ва унго-унгояв инсан

**Нилъер район бечедаб буго махщелчагІаз ва устарзабаз. Кинабго махщалие байбихьи лъола лъай кьеялъул идараялъ, гьеб бухьараб букІуна мугІалимзабазда ва нухмалъулезда. Нилъер районалъул бищунаго, бищунго цебе ракІалде бачІунеб цІар ккола гІумрудул 80 сонalde вахарав, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХІажиев Ибрагьим Ибрагьимович.**

РФялъул ва ДРялъул мустахІикъав мугІалим, ТІолгороссиялъул лъайкьеялъул рахъалъул шапакъатазул лауреат, Ибрагьим Ибрагьимовичасул юбилей кІодо гьабуна 15 марталда райадминистрациялда. Гьенир гІахьаллъана лъайкьеялъул ва бакІалъул идарабазул нухмалъулел, Ибрагьимил гІагарлъи ва росуцоял.

Районалъул бетІерасул ишал тІуралев Камиль МухІамадовас гьабуна баркиялъул калам ва райадминистрациялъул рахъалдаса юбилярасе Баркалаялъул кагъат кьуна.

ДРялъул Лъайкьеялъул министерствоялъул рахъалъ ХІурматияб грамота кьезе вакил гьавун вукІана педагогиял гІелмабазул доктор, ДГУялъул профессор Рамазанов МухІамад Багьавудинович.

Баркиялъул калам ва тараб гьайбатаб гІумруялъул рахъ рехсон кІалъана Ибрагьимил гьудул-гьалмагълъи, пишацоял. Киналго тадбиралъул гІахьалчагІаз кІудияб къимат кьуна Ибрагьимил хІалтІуе, жавабчилъиялъе ва унго-унгояв магІаруласул цІар борхатго ккеялъе.

Ибрагьим Ибрагьимовичас нахъа тана захІматаб ва бечедаб хІалтІул нух. Учительлъиялде тІоцебесеб гали тІамуралдаса районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъиялде щвезегІан гьабуна кІвахІ гьечІеб хІалтІи.




**P.S.** «Цолъи» газеталъул редакциялъул рахъалдасаги баркула Ибрагьим Ибрагьимовичасда 80 сонилаб юбилей. РакІ-ракІалъ гьарула халатаб ва талихІаб гІумру. ГІагараб ракьалдехун ва рахьдал мацІ бокьиялдехун дуца гьабулеб хІалтІи нижее мисаллъун букІина даимго.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ЦИЯЛ ХАРБАЛ

# Донецкалъул ва Луганскалъул гІадамазе кумек

**16 марталда райадминистрациялъул байбихьиялдалъун тІобитІана Донецкалъул ва Луганскалъул республикабазул гІадамазе къайи бакІарулеб гурхІелрахІмуялъул акция. Гьелда гІахьаллъи гьабуна районалъул даранчагІаз, росдал бегавулзабаз, жамагІаталъ, цо-цо идарабазул хІалтІухъабаз, волонтераз.**

Гуманитарияб кумекалъул къайиялда гьорлъ нилъер районалъ битІана ролъ, чакар, цІам, нах, лъим, гьуинлъаби, тІоцебесеб къваригІелалъул алатал ва цогидаб. ЛъикІаб гІахьаллъи акциялда бихьизабуна районалъул предпринимателаз ва ТІелекь, ТІидиб, ТІогьохь, КъахІиб росабазул жамагІатаз. КІудияб кумек гьабуна кинабго къайи данде бакІаризе ва тахшагьаралде щвезабизе Къваниса Камилов МухІамадица. ГІамм гьабун гьеб акциялъ бакІарана 639 азарго гъурущалде ккараб къайи.

Кумек хІажалъидал ратарал районцоязе баркала загьир гьабулеб буго райадминистрациялъ. Киназулго садакъа къабулаб батайги, нужер хъизан-рукъалде рачІунел балагьазда цебе чІолеблъун батайги.



Гьеб акциялда гІахьаллъизе бокьарал гІемер рукІин хІисабалде босун, нилъер районалдаса жеги битІизе ракІалда буго гурхІел-рахІмуялъул кумек.

Садакъа гьабизе бокьараз ХІебда росдал бегавул М.АхІмадовасулгун бухьен гьабизе бегьула.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ #СТОПКОРОНАВИРУС

# ГІурхъи чІваял дагьлъизаруна

**ДРялъул бетІер Сергей Меликовас 10 марталъ тІобитІараб коронавирусалда данде къеркьеялъул оперштабалъул данделъиялда, ахириял анкьазда республикаялда эпидемиологическияб ахІвал-хІал лъикІлъиялда бан, цІикІкІарасел гІурхъи чІваял нахъе рахъана.**

Унтаразул къадар дагьлъиялда бан, заманаялъул гьукъиял дагьлъизариялъул хІукмаби Роспотребнадзоралъ къабул гьаруна Дагъистаналда гуребги, РФялъул чанго регионаздаги. Ковидалъулал гьукъиял гьабсагІат дагьлъизаруна 31 марталде щвезегІан, хадубккун эпидемиологическияб ахІвал-хІалалъухъ балагьун гьаризе руго гьелда хурхарал хІукмаби.

ХІалтІизе риччан руго банкетазул залал ва лъималазул клубал. Театрал, гостиницаби, тукаби, рекІелгъеялъул ва хІухьбахъиялъул централ ва цогидал жамгІиял бакІазде щвезе бегьула QR-кодал гьечІого.

ТІолго республикаялда гІадин нилъер районалдаги ахІвал-хІал лъикІаб буго.

Райбольницаялъул баяназда рекъон, 16 марталде больницаялда регаразул къадар буго 5 чи. Амбулаторияб сах гьариялда хутІун руго 10 чи. Амма къотІизе толел гьечІо профилактикиял хІалтІаби.

**ПатІимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ФАЗУ ГIАЛИЕВАЛЪ 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ГьитIинаб росулъа Дагъистаналъул яс















**(Байбихьи 1-себ гьум.)**

ХIебда гьоркьохъеб школалда данделъарал мугIалимзабазда, цIалдохъабазда ва гьалбазда цее кIалъазе яхъарай лъайкьеялъул отделалъул методист ПатIимат Хизроевалъ бицана магIарулазул цIар рагIарай шагIир кIодо гьайизе ва рахьдал мацI гьуинлъизе мурадалда гIуцIараб конкурс букIиналъул.

Фазу ГIалиевалъул творчество рагьулеб выставкаялъ, миллияб ретIел ретIун къачIарал гIахьалчагIаз ва гьайбатал церерахъиназ бечедаб авар адабияталъул сверулъе цIалеб асар лъугьинабуна данделъаразул. Тадбир рагьана ХIебда школалъул байбихьул классазул цIалдохъабазул берцинаб церерахъиналъ. Гьел хIадурун рукIана школалъул завуч Салимат МухIамадовалъ. Фазу ГIалиевалъул гIумруялъул ва творчествоялъул нух рагьулеб кIалъай гьабуна КъахIиб гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим Рисалат Расуловналъ.

МугIрузул росабалъ гIумру гьабулел гIадамазул ракIазул бечелъи, эбелалде ва ВатIаналде бугеб рокьи, магIарулазул лъикIал гIадатал ва гьайбатал хасиятал рагьулел асарал цIалана цIалдохъабаз. ИчIго школалъул 10-11 классазул цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабуна конкурсалда. Гьезда гьоркьоса бищун лъикIал рищизе захIмат букIана жюриялъе. Гьелъ, рикIкIарал асараздасан гьезие кьуна суалал.

ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ХIебда школалъул 10 классалъул цIалдохъан МухIамад СагIадуев. Гьев гIахьаллъизе вуго гьеб конкурсалъул республикаялъул этапалдаги. КIиабилеб бакIалъе мустахIикъавлъун вихьизавуна КъахIиб школалъул 11 классалъул цIалдохъан МухIамадхIажи МухIамадов, лъабабилеб бакI кьуна Ругъелда школалъул 11 классалъул цIалдохъан Нажабат ХIажиевалъе.

Бергьенлъиялъул бакIазе мустахIикълъарал цIалдохъабазе кьуна грамотаби ва гIарцулал шапакъатал гIолилазул политикаялъул отделалъул рахъалдасан.

Лъималазул ва мугIалимзабазул лъикIаб гIахьаллъи рехсон кIалъаял гьаруна «Цолъи» газеталъул редактор ПатIимат МухIамадовалъ ва ХIебда школалъул нухмалъулев ГIали ЖабрагIиловас.

-Шамил имамасул руго рагIабирижараб ракьалде рокьи цIикIкIарал, цIумаллъун холила халкъалъе гIоло. ЦIумаллъун хвезе кканиги, рижараб ракьалде рокьи букIине кканиги, эбелалъ малъараб нилъерго магIарул мацI лъазе ккеларищ, магIарул гIадат-гIамал, магIарулазул гIумру лъазе ккеларищ, - ан пикру загьир гьабуна М.Хатиевас жиндирго кIалъаялда. ЦIалдохъабазул лъикIаб хIадурлъиялдаса разилъиги загьир гьабун, гьес рагIи кьуна киналго гIахьалчагIазе грамотаби ритIизе.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

## Аварагасул моцI - ШагIбан



*«Ражаб –Аллагьасул моцI,*
*ШагIбан - дир моцI,*
*Рамазан – дир умматалъул моцI»*

**Аварагасул (с.гI.в.с.) хIадис.**

ШагIбан ккола гьижраялъул календаралда лъагIалил микьабилеб моцI. «ШагIбан» абураб цIар лъугьараб буго «шаб» абураб рагIудаса. Гьелъул магIна –рикьизе. Гьеб рагIудаса бачIиналъеги чанго батIияб пикру буго. Цо версиялда рекъон, гьеб буго Ражаб моцI лъугIигун гIарабиязул племенаби рагъал гьаризе чанго къокъабазде рикьулел рукIин. КIиабилеб версиялда рекъон, гIарабиял ражаб моцI лъугIигун лъим балагьизе рикьрикьун къватIире рахъунел рукIун руго. Цоги абула Ражаб ва Рамазан моцIазда гьоркьоб букIиналъ, гьел рикьулеб моцIлъун букIиналдаса щвараб цIар бугила.

КIалал ккveялде кIвар буссинабизе суннатаб буго ШагIбан моцIалъ. ШагIбан моцIалда жаниб бищун ахираб итни къоялъ кIал кквей цIакъго хирияб буго. Амма тIубанго ШагIбаналъул моцI ккун, хадусеб фаризаяб Рамазан моцIалъул кIал тIаде щвелалде черх загIип гьабизе лъикIаб гьечIо.

Гьел хирияб моцIазда гьоркьоб букIиналъги буго ШагIбан даража тIадегIанаблъун, цоги гIиллаби малъичIониги. Хасаб хиралъи кьола гьаб моцIалъе жинда жаниб тIадегIанаб Лайлатул Барааталъул сордо кколеб букIиналъги. Рогьел базегIан алжаналъул нуцIби рагьун рукIунеб Барааталъул сордо ккола ШагIбан моцIалъул 14-абилелдаса 15-абилеб сордоялде. ШагIбан моцIалъул бакьулъе щведал, Аллагь жиндирго лагъзадерихъ балагьулила абураб Аварагасул (с.гI.в.с.) хIадис бугелъул, къад кIалги ккун, къаси Барааталъул сордо гIибадаталда рогьине кIвани, гьеб муъминчиясе хвасарлъи буго. «Бараат» абураб рагIул магIна – мунагьаздаса рацIцIалъи абун буго. ХIилла-макруялдасаги, гьереси-мацIалдасаги рацIцIалъун лъугьайги нилъ хирияб Рамазан моцIалде.

**ПАТIИМАТ ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ТФОМС ИНФОРМИРУЕТ

## Медицинская помощь, оказываемая бесплатно по полису ОМС

Медицинская помощь во всех лечебных учреждениях, работающих в системе ОМС, в случае обращения пациента с заболеванием или в состоянии, включенном в программы ОМС, должна быть оказана БЕСПЛАТНО, при наличии полиса ОМС и соблюдении порядка и условий ее предоставления.

К бесплатным услугам по полису ОМС относятся:

- скорая медицинская помощь в экстренной и неотложной форме;
- помощь пациенту в поликлиниках, амбулаториях, в том числе проведение ряда диагностических процедур с последующим домашним лечением независимо от выходных или праздничных дней. Обеспечение больного лекарственными препаратами при амбулаторном лечении не включено в базовую программу страхования, и осуществляется для льготной категории лиц (инвалидов, ветеранов и т. д.) за счет бюджетных средств;
- госпитализация в случаях обострений хронических или острых заболеваний, отравлениях, травмах, которые должны проводиться под постоянным медицинским контролем и лекарственным обеспечением. Сюда же относится и направление на стационарное лечение женщин с тяжелым протеканием беременности, а также и роды. Кроме того, в профилактических и реабилитационных целях проводится запланированная госпитализация больных в отделения с дневным пребыванием;
- в перечень услуг по медицинскому полису входит помощь для проведения комплексных лечебных процедур, диагностических исследований с использованием современного и высокотехнологичного оборудования;
- также в бесплатные услуги по медицинскому полису включена плановая вакцинация граждан.

За получением бесплатных медицинских услуг граждане могут обратиться в те учреждения, которые включены в реестр участвующих в ОМС медицинских организаций.

По результатам осмотра в случае необходимости при наличии показаний врач дает направление на проведение бесплатных исследований, анализов, консультаций специалистов, а также на госпитализацию в больницу.

**Главный специалист Шамильского филиала ТФОМС РД З.ОМАРОВА**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# ГьитIинаб росулъ кIвар цIикIкIарал хIалтIаби

**Росу кIудияб букIаниги, гьитIинаб букIаниги, гIезегIан жаваб-чилъи цIикIкIараб хIалтIи ккола бегавуллъи. Амма, жидерго росабалъ администрация гьечIел бакIазда, гьелъул аслияб гьир росдал хIаракатчагIазде бегула. Киналго цоцаздаги лъикI лъалел, цоцазулгун гIагарлъи-божилъиги букIунел гIисинал росабалъ хIалтIи гьаби дагьабги кIвар цIикIкIараблъун букIуна. Нилъер районалъул гIисинал росабазул цояблъун ккола НакIкIикь росу.**

Жакъа гьенир руго 11 магIишаталъул гIадамал. РакIалда ругелщинал кинalgo хIалтIаби гьаризе бажаруларо НакIкIикь росдае бихьизабураб бюджет мукъсанаб букIиналъ. БукIаниги, жамагIаталъул хIаракаталдалъун чанги гIадамазе чара гьечIого хIажатал, пайдаял хIалтIаби гьаруна росулъ.

ТIоцебесеб иргаялда, жамагIаталъ гIарацги бакIарун, къачIана ТIидиб-НакIкIикь шагьранух. Районалъул нухазул идараялъул мастер ХIажи ХIасановас кьураб техникаялъул кумекалдалъун цIигьаруна чанго нухалъ цIадал ран ччукIарал нухал. ЖамагIат разияб хIалалда хIалтIана экскаваторщик Къваниса МухIамадхIажи МухIамадаминов. Гьездаса Аллагь разилъаги.

Гьединго, къед гьабуна росулъ жанир ругел нухазе. Росдал боцIи гьекъолеб чалиялда тIад тIох къачIана, гьединго, гIолохъабаз цIиял хобал рацIцIана, жанибе хIайван унаредухъ сверун къана.

Квешаб хIалалда рукIана токалъул хIубал, токалъул кварал. ХIубал турун, кварал тIутIун, хун, монтерал рахине хIинкъараб хIал букIана. Гьеб ахIвал-хIалалъул бицун, кумек гьарун, жамагIаталъул вакилзаби ана подстанциялъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовасухъе. Гьесул хIалтIухъабаз километралдаса цIикIкIун манзилалъ хисана 10 токалъул хIуби ва рачана токалъул кварал. Росу тун къватIирехун ругел гIолохъабаз гьабуна кIудияб кумек гIарцудалъун -300 азарго гъурущ. Субботникалда гвендалги рахъун, эхетизабуна 8 пасынка ва гьезда аскIор цIиял токалъул хIубал, тIадеги эхетана токалъул хIуби ва подпоркаби. ЖамагIаталъул хьул буго гьединго росулъ жанир лъурал хIубаздеги гьес ток бачине кумек гьабилин абун.

РагIи абичIого бегьуларо Идрисил рахъалъанги. Росулъ нух хваниги- Идрис, ток сваниги- Идрис рукъалъул хIалтIиги рехун тун, цере гьарула жамагIаталъул къваригIелал. Жинцаго чабах, арматура, цемент, хъарщи, хомутал росун, росдал хIаракатчи ХIусенов Идрисица хIадурана токалъул хIубал лъезе пасынкаби. АскIор рахъун чIезе лъуна кумекалъулаб 8 хIуби.

Газетаги гьоркьоб ккун, бокьун буго Ибрагьимие, ХIажие,МухIамадхIажиясе баркала загьир гьабизе ва гьединго нижер росуцояв Ибрагьимов Мухтарие. Гьев ккола НакIкIикь росдал щиб тадбир гьабулеб бугониги, гьеб тадбир тIобитIулевлъун. Гьесда дандбачIого росулъ цониги тадбир тIобитIуларо.

Гьабурасул ва кьурасул нияталда рекъон къабуллъаги гIолохъабазул садакъа, кверaлдалъун, черхалдалъун гьабун батаниги. Хьул буго исанаги гьединаб кумек росу тун къватIирехун ругел росуцояз гьабилин абун. ЖамгIияб хIалтIи, тIалаб-агъаз гьабизе квербакъайги ножое.

**НакIкIикь росдал жамагIаталъул гьариялда рекъон хъвана Давуд ДАВУДОВАС**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ЦIияб ГIурада школалда данделъи

**4 марталъ ЦIияб ГIурада гьоркьохъеб школалда тIобитIана гIатIид гьабураб умумузул данделъи.**




Собраниялъул аслияю мурадал рукIана Россиялъул праздниказде умумуз битIараб гьоркьоблъи гьаби, рахьдал мацI лъазабиялъул бугеб кIваралъул бици (магIарул мацIалъул дарсазда инкар гьабулел умумулги ругелъул гьаб заманалъ), лъималаз профессия бищиялъулъ эбел-инсул битIараб бербалагьи ва цогидаб.

Данделъиялде гIахьаллъи гьабизе щвана «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъул нухмалъулев ХIажи МахIачев, Хасавюрт шагьаралда рухIияб лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан ГIусман Шейхов, ДРялъул маданияталъул мустахIикъай хIалтIухъан, ГТРК «Дагъистан»алъул магIарул кIалъаялъул старший редактор, республикаялъулаб «ХIакъикъат» газеталъул рухIияб бечелъиялъул отделалъул редактор ПатIимат ГьитIинова. Гьединго, тадбиралда гIахьаллъана школалъул директор ПатIимат ХIажиева ва ЦIияб ГIурада росдал имам МухIамад Шамхалов.

Гьалбадерица тадбиралда рорхана жакъасеб къоялъ цере лъезе ккун ругел аслиял суалал, гьаруна умумузе цIакъ хIажатал малъа-хъваял.

Жиндирго цевевахъиналда ХIажи МахIачевас бицана «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъ гьабулеб бугеб хIалтIул. Умумул ахIана лъималазе бичIчIикьеялъул хIалтIаби гьариялде, кIванагIан цIикIкIун заман гьезие кьеялде ва тарбиялде кIвар буссинабиялде.

ПатIимат ХIажиевалъ баянал гьаруна школалда гьарулел ругел хIалтIабазул ва бицана хадуркун гьаризе хIисабалде росун ругел ишазул.

Дагъистаналъул Муфтияталъул рухIияб лъайкьеялъул хIалтIухъан ГIусман Шейховас рохел загьир гьабуна гIагараб мацIалъ кIалъан цевевахъине рес букIиналдаса ва рахьдал мацI цIуниялде кIвар буссараб кIалъай гьабуна. ЦIалдохъабигун ва студенталгун хIалтIулаго, жиндиего щвараб хIалтIул хIалбихьиялдаса бицана тарбия кьеялъулъ риччалел ругел гъалатIазул. Гьединго, ГI.Шейховас рехсана лъималазул психикаялде квешаб асар гьарулел аслиял хIужжаби.

ПатIимат ГьитIиновалъ гьабураб хитIабалда, тадбиралда гIахьаллъаралщинал ахIана Аллагьас кьуралъул къимат гьабиялде, магIарул мацI цIуниялде, магIарул ракьалъул къимат гьабиялде.

Собраниялъул ахиралда кIалъарав МухIамад Шамхаловас телефоназдаса кколел ругелщинал заралазул бицана, ва щивав жиде-жидер лъимада хадуб тIадчIей гьабизе ахIана.

Тадбиралъе берцинаб ахир лъуна миллияб ретIел ретIун цIалдохъабаз бихьизабураб гьидерил карщ кьурдиялъ.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**




■ ИБРАГЬИМ ХIАЖИЕВАС 80 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## *Районалъул чIухIи - чIагояв инсан*



*Инсанасул гIумру -гIажаибаб жо,*
*ГIорлъун чвахула гьеб,*
*нухал нахъа тун,*
*Нухлул хIисаб гьабун, гьеб сияхI рехсон,*
*ХутIила гIасрабаз мисаллъун дур цIар.*

*ЦIарул борхалъуде нух балагьичIев,*
*Хадусеб гIелалъе мисаллъун вугев,*
*Росуго чIухIарав, район бохарав,*
*РакI-ракIалъ баркула дуда юбилей.*

*Дур гIадатлъиялъул, гIаданлъиялъул*
*ГIемераб бицина жеги хадубккун;*
*Хирияв Аллагьас сахлъигун таги*
*Нусго сон базегIан, Ибрагьим-ХIажи!*

*Босарасе дарслъун дур гIумру буго,*
*ГIадатаб магIарул яхIгун жубараб;*
*Жавабчилъиялъул бетIерлъуда дуй*
*БетIергьанас кибго кумек гьабуна.*

*Районалъул чIухIи-чIагояв инсан,*
*Мисаллъун вуго мун нижей, МУГIАЛИМ,*
*Россиялдаго цIар борхат цIунарав,*
*Рорхалъабаздего нухал гьарзаяв.*

*Гьарула ракI-ракIалъ чорхое сахлъи*
*Сахаб гIамалалъул гIадатав инсан,*
*Нусго сон балеб къо кIодо гьабизе*
*КIудияб къуватгун вохун хутIаги.*

*Халкъалъул ритIухълъи*
*тIалаб гьабулев,*
*ТIабигIияб гIамал чорхолъ рекъарав,*
*Чилъиялъул рачел чучун хьвадичIев,*
*ЧIухIула дудаса тIолабго район.*

*Араб гIумруялда ракI бухIуге дур,*
*Дур цIарул борхалъи*
*халкъалъ цIунулин,*
*ЦIиял бергьенлъаби жеги хадурккун*
*Гьарула, Ибрагьим, гьаб гIумруялъулъ.*

*Рарал соназ гуро инсан ворцунев,*
*Гьарурал ишазгун ва гIамалалъин;*
*Дур гIумрудул мисал дарслъун хутIила*
*Хадусеб гIелалъе, абадиялъго.*

**П. ГIАЛИЕВА,**
**ХIебда СОШ**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## ЦIияб трансформатор лъуна

*ГIазу бананиги буран пуниги*
*Гьазул къокъаялъул къуват холаро.*
*Хасалил цIер къарал къоял щваниги*
*Щиб хIикмат лъаларо хIал хисуларо.*

Нижер Зивуриб росдал жамагIаталъе кIудияб къварилъи букIана, росулъ букIараб токалъул трансформаторги бухIун. Гьеб бухIараб трансформаторги къачIазе битIун, гьениб лъун букIана заманаялъе бугеб дагьаб къуваталъул трансформатор. Росдал гIадамазул зигара букIана рукъзабахъ ток гIоларого.

ГIемераб заман базе течIого подстанциялъул начальник И. Ибрагьимовас, къачIараб трансформаторги босун, ритIун рачIана хIалтIухъабазул бригада. Лъабго сагIаталъ гурони токги къачIого, гьезул бригадаялъ гьоркь букIарабги нахъе бахъун, гьениб рекъезабуна цIияб трансформатор.

Дунял цIорораб гIужалъги гIемераб квалквал букIунаан гьелда бан. Жиндир заманалда гьеб хIалтIиги гьабун, токалъул къварилъаби гьечIого хасел парахалъуда аралъухъ, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго зивурисезул жамагIаталъул рахъалдасан подстанциялъул начальник Ибрагьимие ва киналго гьесул хIалтIухъабазе. Аллагьас кирилъун хъвайги нужер захIматаб хIалтIи.

**ЖамагIаталъул гьариялдалъун хъвана ХIамзат ХIАМЗАТОВАС**

■ СПОРТ

## Анкалаевасул иргадулаб бергьенлъи

**13 марталъ США ялъул Лас-Вегас шагьаралда тIобитIараб UFCялъул турниралда нилъер ракьцояв, ТIелекьа МухIамад Анкалаевас босана цереккун рукIарал къеркьеязда гьоркьоб жиндирго аслияб бергьенлъи.**

Гьеб ккола 29 сон барав, 84-93 кг цIайиялъул категориялда цеве вахъунев МухIамад Анкалаевасул 18-абилеб ракIчIараб бергьенлъи. Анкалаевасул ва данде вукIарав бразильянецасул хIалуцараб рагъ халалъана щуябго раундалъ. Гьеб бергьенлъиялъ Анкалаев вачана UFCялъул бищун лъикIал щуго рагъухъабазул цоязулъе.

Халкъазда гьоркьосел къецазул спорталъул мастер, бергьенлъигун Дагъистаналде вуссунев МухIамад Анкалаевасе дандчIвай гьабизе ва гьесда кIудияб бергьенлъи баркизе 16 марталъ МахIачхъалаялъул аэропорталда данделъун рукIана тIекьадерил гIолохъаби, районалъул ва росдал вакилзаби.



Хадусеб иргаялда бугеб UFCялъул чемпионасул титулалъул турниралдаги бергьенлъи гьарула МухIамад Анкалаевасе.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

## Руслан МухIамадов ракIалдещвеялъе турнир

**ГЬатIан къоялъ ХIебда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул турнир. Гьелъул мурад букIана гIемерал саназ ХIебда ДЮСШялда хIалтIарав, хехаб унтиялъ гIумруялдаса ватIалъарав тренер Руслан МухIамадов ракIалде щвезави.**

| № | ХIасилал | | | | | ГIаммаб рейтинг |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | ДЮСШялъул филиалал | 1-себ бакI | 2-абилеб бакI | 3-абилеб бакI | Медалазул къадар | |
| 1 | ХIебда | 9 | 10 | 9 | 28 | 56 |
| 2 | Бакълъухъ | 8 | 4 | 5 | 18 | 38 |
| 3 | Ругъелда | 3 | 5 | 6 | 14 | 25 |
| 4 | КъахIиб | 4 | 6 | 1 | 14 | 25 |
| 5 | Гьоор | 2 | 1 | 4 | 7 | 12 |
| 6 | ГIасаб | 0 | 3 | 6 | 9 | 12 |
| 7 | Ракьуб | 2 | 0 | 0 | 2 | 6 |
| 8 | Могьохъ | 1 | 0 | 3 | 4 | 6 |
| 9 | Къваниб | 0 | 0 | 1 | 1 | 1 |

Турниралда гIахьаллъана ХIебда ДЮСШялда ва росабалъ ругел гьелъул филиалазда ругьун гьарулел гIолилал. Къецазул хIасилазда рекъон гьабуна ДЮСШялъул филиалазул рейтинг.

Турниралда бергьаразе ва призеразе къуна ракIалдещвеялъул медалал, грамотаби ва кубокал. Турнир тIобитIиялъе квербакъана Руслан МухIамадовасул гIагарлъиялъ ва ГIасаб росдал жамагIаталъ.

**Давуд Давудов**

■ ЛЪАЗАБИ

## Бузнаса нух рагьиялъулъ гIахьаллъизе рачIа!

2022 соналъул 26 марталъ сагIат 10ялда байбихьизе буго, нилъер умумуца цебе бахъун букIараб, гьанже цIиял тIалабазда рекъон, росабазул, жамагIатазул гIарцухъ цIибахъулеб бугеб, Бузнаса нухалъул кIиябго рахъ данделъулеб бакIалда, киналго магIарул районазул вакилзаби данделъараб тадбир.

ХIурматиял диналъул вацалги яцалги, районазулги росабазулги бутIрул, имамзаби, хъулухъчагIи, бизнесчагIи, спортсменал, сахаватал мъуминзаби!

Нужерго беразда нухлуе гьабун бугеб ва жеги гьабизе цебе бугеб кIудияб хIалтIиги бихьизе, гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабеян кIудияб гьари буго.

Нух балеб бакIалде къураб садакъаялъул хиралъи лъаларев чиги нилъеда гьоркьов ватиларо, мурад буго кинавго чиясда гьелъул хIакъалъулъ лъазабизе ва щивасе цо гъурущ букIаниги гьенибе ккезабизе рес кьезе. Цойги бокьун буго, гьениб гьабулеб хIалтIиялъе нухмалъулел, квербакъулел, техникаялда хIалтIулел, гьеб нух бахъизе, барахщичIого, жидер ракьал къурал гIадамазе ва росабазе баркала кьезе ва дугIа гьабизе.

ГIахьаллъизе руго: Халкъияб собраниялъул депутатал, министрал, диниялгун жамгIиял идараби, гIолохъабазул гIуцIаби, руччабазул советал, жамагIатал, телевидение, радио, СМИ ва гь.ц.

**Оргкомитет**

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

## По участию в проекте «Местные инициативы»

В итоговом собрании, прошедшем 04 февраля 2022 года в 13ч 00мин в здании сельского дома культуры в селении Ругельда Шамильского района РД, жители сельского поселения единогласно высказались за участие в 2022 году в проекте «Местные инициативы».

После бурных обсуждений определили большинством голосов два проекта для участия: «Организация ливневых стоков» в с.Ругельда по улице Али Келебского и Капитальный ремонт водопровода в с.Сомода.

**Администрация МО «сельсовет Ругельдинский»**

В рамках реализации республиканской программы РД «Местные инициативы» в селении Урада Шамильского района РД планируется оградить стенами сельское кладбище и построить навес.

По инициативе жителей селения Урада, принято решение оградить стенами сельское кладбище. По условиям проекта, ни менее 3% от объема субсидии из республиканского бюджета направляет администрация сельского поселения «село Урада». Также по условиям проекта, обязательно софинансирование проекта в размере ни менее 15% от проектной стоимости от имени меценатов, пожертвования населения, выходцев из села, частных лиц.

В связи с этим, инициативная группа по контролю за реализацией проекта обращается ко всем, кто хочет содействовать реализации проекта, с просьбой об оказании помощи устройстве стен вокруг кладбища.

При условии прохождения конкурсного отбора в Министерстве экономики и территориального развития РД, проект будет успешно реализован и село оградит сельское кладбище.

**Администрация МО «сельсовет Урадинский»**

■ ИЗВЕЩЕНИЕ

## О проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

Администрация МО «село Ратлуб» Шамильского района Республики Дагестан сообщает о проведении конкурса 17 апреля 2022 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000049:401, категорией земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования для сельскохозяйственного производства, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Шамильский район, с.Ратлуб, в местности «Верхнее Андижоб.». Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая.

Площадь земельного участка: 100342 кв.м. Заявление об участии в конкурсе принимаются до 12 апреля 2022г. по адресу Республика Дагестан, Шамильский район, с.Ратлуб, ул. Центральная д №5.

**Глава МО «село Ратлуб» М.А.ДЖАБРАИЛОВ**


ЦОЛЬИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
Р. Абакарова
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почталъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50